

*N ap prepare nou
pou n al preche
(Jeremi 1:17)*

1. Li pral jou.

Talè konsa,

N'ap soti pou n'al preche.

Men'l toujou fènwa,

Lapli ap farinen.

Sa t'ap fasil pou nou ta chwazi
ret dòmi.

(REFREN)

Si'n pozitif, si nou prepare,

E si nou lapriyè,

Sa ap motive nou pou'n preche

San'n pa distrè.

Nou pa poukont nou, zanj yo la tou,

Yo suiv lòd Jezi bay.

Frè'n ak sè'n yo la bò kote nou,

N'ap pran kouray.

2. N'ap toujou

Kenbe jwa nou,

Si'n sonje bagay sa yo.

E Jewova wè

Tout ti efò nou fè.

Li pap bliye lanmou nou genyen,
se sèten.

(Refren)